
19.5.2020

Mirayiridzo yeCCPS iri maringe neCOVID-19 Pakudzoka kuChikoro.

Matanho echikoro pakuchengetedza utano uye kudzivisa njodzi

- VeAustralian Health Protection Principal Committee (AHPPC) vakayambira kuti 'mutemo wekuti panzvimbo pova nevangani' uyo unotara kuti hapafaniri kuva nevanhu vanopfuura mumwe chete panzvimbo iri mukati memamita mana akapoterera haushande mumakamuri ekudzidzira kana kuti mumikoto inofamba nevanhu, uye kuti vana vataramukane nemita imwe nechidimbu panguva yekudzidza hakushande. Nekudaro, mutemo wekuti mukamuri rekudzidzira muve nevana gumi hauchashanda muzvikoro.
- Kutitibetsere vashandi vese vepachikoro kugadzirira nekuda kwekuchinja uku musi weMuvhuro **25 May 2020 izuva iro vana vasingafaniri kuuya**. Zvikoro zvichashandisa iri zuva kuti zvive nechokwadi chokuti nyevero iyi yezveutano yatevedzerwa muzvikoro zvavo, mapurogiramu ekudzidza aitwazve, nzira dzekuongorora kufambira mberi kwekudzidza kwevana panguva apo vanenge vachidzidza vari kwavari uye vari papurogiramu yekuti munhu anozvisarudzira, uye kuona vana vechikoro vari kuda kubatsirwa nekukurumidza mune zveutano.
- Tinokosha kubatsirwa kwevana vechikoro kuti vadzokere kunzira yakajairika yekudzidza, tichibvuma mamiriro ezvinhu aripo, tichipa mashoko akakodzera ezviri kuitwa, uye kupa vana vechikoro rusununguko rwekutura zviri kuvanetsa uye manzwiro avo.

Vana vese vechikoro vava pachidanho chegore avo vari kudzoka kuzodzidzira pachikoro vanotarisirwa kupinda chikoro. Zvikoro hazvizotarisirwi kuitisa zvidzidzo vana vari kwavo voga kana vabereki vakasarudza kuchengeta vana ivava vari kumba, kunze kwekunge izvozvo zvikaitwa pachitevedzerwa yambiro yezveutano. Tapota taurai naSub-school Assistant Principal venyu kana muri mumamiriro ezvinhu aya.

Foundation – Giredhi 2: Anne McDonald

Giredhi3 kusvika kuGiredhi 6: Mick Sweeney

Anoona nezve utano: Kerry Bates

Mamwe matanho pakuchengetedza utano uye kudzivira njodzi

- Midziyo inoshandiswa pakutamba iri kunzvimbo inotambira vana ichashandiwa. Zvisinei, vana vechikoro vachaita zvinoita kuti maoko avo agare akachena vasati vatamba uye pashure pekutamba. Nzvimbo dzokutambira dzichapukutwa pakumbozorora uye panguva yekudya yemasikati pachishandiswa mushonga unouraya utachiona wemuzvipatara sechikamu chepurogiramu yekuchenesa.
- Kana paine midziyo ichashandiswa nevakawanda, matanho akasimba ekuchenesa maoko achatevedzerwa isati yashandiswa uye pashure.
- Vana vechikoro vachafanira kuuya netwugubhu twavo twemvura kuti vashandise kuchikoro sezvo vasingazokwanisi kunwa mvura papombi.

- Mutemo weDET *Pavana Vechikoro Vanoshandisa Nharembozha* ucharamba uripo. Vana vechikoro vachakumbirwa kuti vachenese nharembozha dzavo vachipukuta nemushonga unouraya utachiona pose pavano dziendesa kuhofisi mangwanani ega ega. Nhare dzichabatidzwa kana purogiramu yeCOVID SAFE ichinge ichishanda nekukurumidza pakutanga uye pashure pechikoro. Zvikoro inzvimbo dzinotarisiwa zvikuru idzo dzine zvinyorwa zvevashandi uye gwaro rekupinda nekubuda kwevashanyi izvo zvinobatsira pakuongorora nekuziva kune mumwe nemumwe.

Kuva nepfungwa dzakanaka uye utano

Kana uine chinetsa chauri kuona nezve pfungwa uye utano hwemwana wako tapota zivisa Vanobetsera Vatungamiriri (Assistant Principals) nekukurumidza kuitira kuti titsvake rubatsiro. Foundation – Giredhi 2: Anne McDonald
Giredhi3 kusvika Giredhi 6: Mick Sweeney
Anoona nezve utano: Kerry Bates

Kuchenesa

Gadziriro dzekuchenesa kwakakura uye kunoitwa kwenguva refu dzakatangwa uye dzicharamba dziripo. Izvi zvinosanganisira kuchenesa kunoramba kuchiitwa zuva rese kuitira kuti mikana yekutapukira idzikire kubva munzvimbo dzinonyanya kubatwa batwa.

Vachauya panzvimbo yechikoro

Rimwe danho rakakosha zvikuru iro vabereki uye vashandi vepachikoro vanogona kutora pakuderedza mukana wekuperarira kwecoronavirus (COVID-19), ndere kuva nechokwadi chekuti chero mushandi, vana vakura kana vadiki vasiri kunzwa zvakanaka havazobvi pamba. Kunyange zvazvo mukana wekutapukira kweutachiona hwakaderera zvikuru, vashandi kana kuti vana vechikoro vari pangozi yekuva neurwere hwakaipisira vanofanira kuongorora nezve kukodzera kwekudzidzira pachikoro panguva ino vachibatsirwa nachiremba wavo. Sezvo mukana wekutapurirana coronavirus (COVID-19) pachikoro wakanyanya pakati pevanhu vakura, vashanyi vanouya pachikoro vachange vangori vava vanenge vachiuya nezvinhu zinoshandiswa pachikoro kana kuti vanobatsira pamabasa epachikoro. Kana vabereki vachida kubatana nevepachikoro nekuda kwechikonzero chero chipi zvacho, tapota itai zvekufonera hofisi yechikoro.

Vashandi nevana vechikoro vese vasiri kunzwa zvakanaka vanofanira kugara kumba.

Vabereki/kana kuti vanotarisiwa vana vane zvinetsa zveutano zvakanaka (kusanganisira vana vane chinetsa chekutatwa batwa netwuzvirwere), vanofanira kutsvaga mazano kubva kuna chiremba wemwana kuti vaite chisarudzo chakanaka chekuti kuuya kwemwana kunodzidzira pachikoro nevamwe idanho rokuchenjera here, tichiziva zvakanaka kuti zano iri rinogona kuzochinja zvichienderana nemamiriro akaita nyaya yedenda recoronavirus (COVID-19) muVictoria. Izvi zvinowirirana nemutemo we [DET Health Care Needs](#). Chikoro chichatsigira chero mhuri ine zvaingada kubatsirwa nazvo munyaya ino.

Magungano epachikoro, kumboshanya, kukemba uye mamwe makuungana asina kunyanya kukosha zvizharamba zvisingaitwi kusvikira paziwa chimwe chiziviso.

Hygiene

Munhu vese anogona kuzvidzivirirawo uye kudzivisa kupararira kwecoronavirus (COVID-19) nekuramba aine tsika yekuchengeta maoko aine hutsanana. Matanho akakura ekuchengetedza hutsanana acharamba aripo mukati mekutanga kwezvidzidzo pachikoro.

- Vashandi vese uye vana vechikoro vacharamba vachichenesa maoko, zvikuru sei pavanosvika pachikoro, vasati vadya uye pashure pekudya, pavanofura dzihwa, pavanokosora, kuhetsura, kana kuti kushandisa chimbudzi. Izvi zvichaongororwa kuti zviri kutevedzerwa nevashandi vepachikoro pazvinenge zvakakodzera.
- Panguva apo sipo kana kuti mvura zvinenge zvisingawaniki, mushonga unouraya utachiona mumaoko uchaitwa kuti uwanike mukamuri rose rinenge riine vanhu.
- Vana vechikoro havazobvumirwi kunwa mvura zvakananga papombi panguva ino. Panzvimbo pezvo vanofanira kuuya netwuzvigubhu twavo twemvura twavanoshandisa (uye kuisazve mvura) kuchikoro.

Kusvika nekubva pachikoro

Sezvo njodzi yakakura yekuunzwa kwecoronavirus (COVID-19) pachikoro ichibva kuvanhu vakuru, kuva pedyo zvikuru kwevabereki vane vana pachikoro kunofanira kudziviswa, zvikuru sei panguva yavanounza uye kutora vana pachikoro.

- Vashandi uye vabereki vanotaririrwa kuti vachengetedze matanho ekuti vagare vakataramukana taramukana nekusaungana munzvimbo dziri mukati kana kuti dzakapoteredza chikoro.
- Gadziriro dzekuchetedza matanho ekuti vanhu vagare vakataramukana taramukana uye kudzivisa kusangana kwevana vechikoro nevanhu vakuru mukati mechikoro uye panopindwa napo pachikoro dzichasanganisira:
 - Kuiswa kwemadhoti pagedhi kuitira kukurudzira pfungwa yekutaramukana pakati pevanhu vakuru
 - Vabereki havabvumirwe kuva pachikoro uye vanokumbirwa kubatana neve pachikoro vachiita zvekufona kana kuti neimeyiri sezingadiwa
 - Misangano inokosha ichaitwa pachishandiswa nzira yevideo conferencing
 - Chero patinosangana tinofanira kuona kuti takataramukana uye tinokwazisana pasina kubatana kana kuganzvana
 - Pachagona kuva nenguva dzakasiyaniswa dzekusiya nekutora vana vechikoro kuitira kudzivisa huwandu hwevanhu vakuru vanoungana pagedhi rechikoro kana kuti kunze kwemakamuri ekudzidzira kana paine chikonzero